**दिन–शनिवार** **दिनांक–20.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ तीर्थ–नगरी गयाजी पहुंचि कऽ पितर सभक मोक्ष प्राप्तिक लेल पिंडदान कयलनि। राष्ट्रपति विष्णुपद मंदिर परिसर स्थित तीन प्रमुख पिंडवेदी सभ पर सेहो पिंडदान कयलनि। श्रीमती मुर्मू गर्भगृह मे भगवान विष्णुक चरणक पूजा–अर्चना कयलनि आओर सर्व कल्याणक प्रार्थना कयलनि। एहि अवसर पर सुरक्षाक व्यापक इंतजाम कएल गेल छल। राष्ट्रपतिक कार्यक्रम कैँ लऽकऽ शहरक यातायात व्यवस्था मे सेहो परिवर्तन कएल गेल। एम्हर, पितरपक्ष मेला मे देश–विदेश सँ नम्हर संख्या मे श्रद्धालु अपन पूर्वज सभ आओर दिवंगत आत्मा सभक स्मृति मे पिंडदान आ तर्पण करबाक लेल पहुंचि रहल छथि। काल्हि पितर–पक्ष मेलाक समापन भऽ जाएत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक तारामंडल मे वर्चुअल रियलिटी थियेटरक उद्घाटन कयलनि। श्री कुमार, एस्ट्रो पार्क, भ्रमणशिल विज्ञान प्रदर्श बस सेवा, इंटर्नशिप पोर्टल समेत कतेको अन्य योजना सभक सेहो शुभारंभ कयलनि। एम्हर, एक अन्य कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री शिक्षा विभागक विभिन्न कल्याणकारी योजनाक लाभार्थी सभक खाता मे दू हजार नओ सय बीस करोड़ टाकाक राशि डीबीटीक माध्यमे अंतरित कएलनि। एकरा संगहि नओ सय अट्ठावन करोड़ टाका सँ बेसीक लागति वला आधारभूत संरचना सभक शिलान्यास आओर उद्घाटन सेहो कएलनि।

---

न्यायमूर्ति पी.वी. बजनथरी कैँ पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश नियुक्त कएल गेल अछि। केन्द्रीय कानून आओर न्याय मंगलय एहि संबंध मे आइ अधिसूचना जारी कएलक अछि। न्यायामूर्ति बजनथरी पटना हाईकोर्ट छियालीसम मुख्य न्यायाधीशक रूप मे कार्यभार सम्हारता। श्री बजनथरी एखन धरि पटना हाईकोर्ट कार्यकारी मुख्य न्यायाधीशक रूप मे कार्य कऽ रहल छलाह।

———————————————————————————————————————

गोवाक मुख्यमंत्री प्रमोद सांवत कहलनि अछि जे बिहार मे डबल इंजनक विकास कार्य देखबा योग्य अछि। दरभंगाक लक्ष्मीश्वर पब्लिक लाइब्रेरी परिसर मे आयोजित भाजपाक युवा मोर्चाक कार्यक्रम के संबोधित करैत श्री सावंत कहलनि जे राजद आ कांग्रेस जेहन पार्टी अपन परिवार सँ आगु नहि सोचि सकैत अछि। कार्यक्रम कैँ राजस्व आओर भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी सेहो संबोधित कयलनि।

———————————————————————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा कहलनि अछि जे कांग्रेस नेता राहुल गांधी आओर राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव लगातार संवैधानिक संस्थाक अपमान कऽ रहल छथि। रोहतास जिला मुख्यालय सासाराम मे पत्रकार सभ सँ बातचीतक दरमियान श्री कुशवाहा कहलनि जे राहुल गांधीक बयान हताशा सँ भरल अछि आओर लगैत अछि जे परिणाम सँ पहिनहि ओ हारि मानि लेलनि अछि। ओ तेजस्वी प्रसाद यादवक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पर देल बयान कैँ लऽकऽ कहलनि जे नीतीश कुमार जेहन अनुभवी नेता केखनहुं हाईजैक नहि भऽ सकैत छथि।

———————————————————————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादवक बिहार अधिकार यात्रा आइ समस्तीपुर पहुंचल। श्री यादव सरायरंजन मे जनसभा के संबोधित करैत कहलनि जे महागठबंधन जनता सँ कएल सभ वादा कैँ पूरा करत। श्री यादव यात्राक अगिला पड़ाव मे वैशालीक पातेपुर, हाजीपुर आओर महुआ विधानसभा क्षेत्र मे सेहो सभा कैँ संबोधित करताह।

———————————————————————————————————————

मॉनसूनक ट्रफ रेखा प्रदेशक दक्षिण–पूर्वी भाग सभ सँ गुजरि रहल अछि, जाहि कारणे राजधानी पटना समेत राज्यक अधिकतर भाग सभ मे मध्यम सँ भारी बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार पछिल चौबीस घंटा मे रघुनाथपुर मे सभ सँ बेसी बिरानवे दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा दर्ज कएल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक

अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान अररिया, पूर्णिया आओर भोजपुर जिला मे किछु स्थान सभ पर भारी बरखाक संभावना अछि। एकरा संगहि, राज्यक दक्षिण–मध्य आओर उत्तर–पूर्व भाग सभ मे कतेका स्थान सभ पर मेघगर्जनक संग वज्रपातक आशंका अछि। विभाग एहि कारणे येलो अलर्ट जारी कएलक अछि।

———————————————————————————

राज्यक विभिन्न भाग सभ मे भऽ रहल बरखाक कारणे गंगा समेत विभिन्न नदी सभक जलस्तर मे वृद्धिक प्रवृत्ति बनल अछि। केन्द्रीय जल आयोगक रिपोर्टक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर पटनाक गांधीघाट आओर हाथीदह एवं भागलपुर आओर कहलगांव मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। एम्हर घाघरा नदीक जलस्तर सीवानक दरौली आ गंगपुर–सिसवन मे लगातार बढ़ि रहल अछि। गंडक आ बूढ़ी गंडक नदीक जलस्तर मे सेहो कतेको स्थान सभ पर बढ़ोतरी दर्ज कएल गेल अछि। बागमती नदीक जलस्तर सीतामढ़ीक रून्नीसैदपुर आओर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान सँ ऊपर दर्ज कएल गेल। एम्हर, कमला, कोसी आओर महानंदा नदीक जलस्तर मे सेहो उफानक स्थिति बनल अछि।

———————————————————————————

दरभंगा जिलाक जाले प्रखंड अंतर्गत मुरैठा गाम मे पोखरि मे डूबला सँ तीनटा बच्चाक मृत्यु भऽ गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि हादसा पर अत्यंत दुःख प्रकट कएलनि अछि।

———————————————————————————

एम्हर, दरभंगा मे कामेश्वरा सिंह विश्वविद्यालयक स्नातकोतर विभाग मे राष्ट्रीय सेवा भोजनाक सदस्य लोकनि स्वच्छता पखवाड़ाक तहत जागरूकता रैली निकाललनि। एहि दरमियान लोक सभक स्वच्छताक प्रति जागरूक कएल गेल।

———————————————————————————

समाप्त भेल।